# Нобэ ТекIуэнныгъэ Иным и махуэщ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№56 (24.962) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЛIэщIыгъуэкIэ лIакъуэхэм зэIэпах

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ТекIуэныгъэм и махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Ветеран лъапIэхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ТекIуэныгъэм и МахуэмкIэ!

Илъэс 81-рэ дэкIащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ. Ауэ ТекIуэныгъэм и Махуэм и псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIагъым хэхъуэ зэпытщ, ар, шэч хэмылъу, лIэщIыгъуэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ икIи дэ абы дызэрыхущытым дяпэкIи зихъуэжынукъым.

А махуэм папщIэ ди адэхэм, адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ лIыхъужьу, зыщымысхьыжу зэуащ, къэралым и щIыналъэр дэнэ лъэныкъуэкIи щахъумэу. ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэм хэтащ я псэр пытыху, Берлин нэсащ, бий бзаджэр зэтракъутэри, дуней псом мамырыгъэр къыхуахьащ.

Дэ сыт щыгъуи дигу илъынущ нэмыцэ-фашистыдзэм и удын нэхъ гуащIэ дыдэхэр, зэхэкъутэныгъэшхуэхэр къэзыхьахэр, Совет Союзым къызэрытехуар, апхуэдэу щытми, Гитлеррэ и IупэфIэгъухэмрэ псоми епэгэкIыу ирагъэжьа лъыгъажэшхуэмкIэ яIа мурадхэр къызэтракъутащ.

Дэ ди къалэнщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и тхыдэм и пэжыпIэр зэредмыгъэхъуэкIыныр, тхыдэр нэмыукIытагъэ хэлъу къизытхыкIыжыну хуейхэм зыкIи яхудэдмычыхыныр, нацизмэм и телъхьэу къэувхэмрэ текIуэныгъэр къэзыхьахэм пцIы ятезылъхьэну хущIэкъухэмрэ тегушхуауэ дапэщIэтыныр.

Хэку зауэшхуэр дэтхэнэ зы унагъуэми, лъэпкъми ялъэIэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэрэ ипхъуу зауэм дэкIахэм я Iыхьэ щанитIым щIигъур лIыхъужьу хэкIуэдащ абы. Республикэм ТекIуэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ щыхуищIар фронтым и закъуэкъым, атIэ абы и щIыбми лэжьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ, Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэр Iэщэкiэ, техникэрэ ерыскъыпхъэкIэ къызэригъэпэщу, санаторэхэм къыщызэIуаха госпиталхэм уIэгъэ хъуа зауэлIхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэжу.

Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэтахэм пщIэ къызэрымыкIуэ яхудощI. ТекIуэныгъэм зи псэр щIэзыта дэтхэнэми ди щхьэр яхудогъэщхъ. Дунейм ехыжа ветеранхэмрэ щIыпIэхэм щылэжьахэмрэ я фэеплъыр догъэлъапIэ.

ЛIэщIыгъуэкIэрэ лIакъуэхэм зэIэпах хабзэ дахэхэр хъума щохъу ди деж! Хэкум къулыкъу хуэщIэным, абы и щхьэхуитыныгъэмрэ зыми и унафэ щIэмытынымрэ япыщIа къалэнхэр гъэзэщIэным ноби пащэ дзэ Iуэху щыIэхэм. ЛIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу, къэмылэнджэжу, къызэфIэмыщIэу абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэр. Дэ дрогушхуэ абыхэм икIи ди щхьэхэр яхудогъэщхъ захуагъэм къыщхьэщыжу къэралым папщIэ зи псэр зыта ди зауэлIхэм.

Ди зэкъуэтыныгъэр ди тегъэщIапIэу, зауэ IэнатIэм, лэжьыгъэм пыщIа хабзэхэр тхъумэкIэрэ, дэ хуэфэщэн жэуап идот къытпагъэув лъэпощхьэпохэм, ди Президентым Урысейм и зыузэщIыныгъэм, абы и лъэщагъым хэгъэхъуэным хуэгъэзауэ къигъэувa къалэнхэр догъэзащIэ.

МахуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу! Узыншагъэ быдэ, фIыгъуэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну.

ТекIуэныгъэм и МахуэмкIэ!

# Псори зэрызэфIэдгъэкIын Iэмалхэр щыIэщ

**УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ, Щlыналъэхэм зегъэужьынымкlэ комиссэм и унафэщl Хуснуллин Марат иригъэкlуэкlа президиумым и зэlущlэм видеозэпыщlэныгъэ Iэмалкlэ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«ГЪАЩIЭМ хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым, «Ухуэныгъэ» къэрал программэм, къэрал проектхэу «Iуэху тегъэгушхуэкIэ», «Псы къабзэ» жыхуиIэхэм, жылагъуэ-коммунальнэ хозяйствэм и щытыкIэмрэ къинэмыщI Iуэхугъуэхэмрэ тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

ЩIыпIэ муниципалитетхэм я нэIэ щIэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхубэм къигъэщхьэпэ инфраструктурэр къыщагъэщIэрэщIэж зэпытщ, пIалъэ зыхуагъэувыжахэм елъытауэ. «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ, Налшык дэт псэупIэхэм япэгъунэгъуу мы гъэм сабий IыгъыпIи 4 щаухуэн щIадзэнущ. Ардыдэхэр иджыпсту щаухуэ Гундэлэн, Старэ Шэрэдж, Бахъсэн.

Узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ IуэхущIапIэ пэрытхэм язщ цIыху 250-рэ зыщIэхуэ, Лышхым щеIэзэу Налшык дэт диспансерыр. Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм спортзалхэр щаухуэ, Налшык Лъэпкъ центрым и уардэунэ дащIыхь. Егъэджэныгъэм епха ухуэныгъэ 54-рэ зэIузэпэщ ящIынухэм хагъэхьащ.

Гъуэгу ухуэныгъэхэм епха лъэпкъ проектым сом меларди 2,8-рэ трагъэкIуэдэнущ, абы щыщу сом мелард 1,5-р къэрал мылъкум къыхокI. Километр 72,8-м нэс гъуэгущIэ яукъуэдиину я мурадщ.

«Коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжын» къэрал проектым ипкъ иткIэ, унэхэм псы езышалIэ-къыщIэзыш объект 12-м щекIуэкI лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсынущ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ бюджетым и лэжьэкIэми. УФ-м финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон къыхигъэщащ щIыналъэхэм я бюджетхэр нэхъ щхьэпэ, яхуэчэмымрэ щIыхуэ ятельымрэ зэрыхъукIэ нэхъ мащIэ ящIын зэрыхуейр.

«Мэкъуауэгъуэм и 1-м ипэ къихуэу, щIыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ я бюджетыр нэхъыфIу зыгъэлэжьэну программэщIэ къащтэн хуейщ. ФинансхэмкIэ министерствэм езым и жэрдэмкIэ щIыналъэ унафэщIхэм яхуигъэхьащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ щIыналъэхэм мылъку нэхъ зытрагъэкIуэдапхъэр цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэ лъэныкъуэхэрауэ нобэми зэрыщытыр. Президентым унафэ къищтащ 2026 - 2030 гъэхэм къриубыдэу, кредит щIыхуэхэм я щанэр япшыныжыпхъэу, ар сом меларди 100-м нос. Хабзэм и проектыр Правительствэм ягъэхьакIэщ. Ар къащтэмэ, щIыналъэхэм я бюджетхэм нэхъ зыщIагъэкъуэфынущ, щIыхуэу къащтэн хуей хъухэми хэщIынкъуэ», - жиIащ Силуанов Антон.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIам тету, республикэм и бюджетым мазиплIым къриубыдэу къыхэхъуар сом мелард 23,8-м нос, илъэс блэкIам и хэхъуэкIэм елъытауэ ар процентi 107,7-рэ мэхъу. Езы щIыналъэм и хэхъуэхэр 2025 гъэм иIахэм нэхърэ мелардкIэ нэхъыбэщ, нобэкIэ ар мэхъу сом меларди 8,6-рэ. КъэралымикI щIыхуэу телъми хэщIащ. «А псом я фIыгъэкIэ, ди пщэ дэтлъхьэжа цIыхубэ къалэнхэр зэфIэдгъэкIыну Iэмал догъуэт: зи улахуэр бюджетым къыхэкIхэм я лэжьапщIэ хэдгъэхъуэну, сымаджэхэм хущхъуэ лъапIэхэр къахуэтщэхуну, сабий зеиншэхэр унэ зыт программэхэм етпхыну, псынщIэу зэфIэгъэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм икIэщIыпIэкIэ яужь дихьэну», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Ягъуэтынущ гулъытэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ я унафэщIхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр. Нэхъыщхьэу абы зыщытепсэлъыхьар 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къэралым ТекIуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 81-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным республикэр зэрыхуэхьэзырым пыщIа Iуэхухэрщ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, нэхъ пасэу унафэ къащтауэ щытащ цIыху куэд зыхэт зэхыхьэхэр къызэрамыгъэпэщыну. Апхуэдэу щытми, Налшыки республикэм и щIыналъэхэми махуэшхуэм теухуа зэхуэсхэр, акцэхэр щрагъэкIуэкIынущ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ ахэр тэмэму, екIуу къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Гулъытэ хэха хуащIынущ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

Нэхъапэми хуэдэу, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ някъуэдыкъуэ щIыхъуахэмрэ, абы хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм дэтхэнэми сом мин 200-кIэ яхуэупсащ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу и гугъу щащIащ щIыналъэхэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрыщагъэзэщIэм, лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр хабзэм тету зэтеухуа зэрыхъум.






# Къалэмыр Iэщэкlэ яхъуэжат

**Хэку зауэшхуэм и зэманым журналистхэри зэуапIэм Iутащ, я IэщIагъэ емылъытауэ. Дыгъуасэ абыхэм ятеухуа фэеплъ Iуэху ди редакцэм щекIуэкIащ.**

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ и министр Бозий Аскэр, «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэн, республикэ газетхэм я редакторхэр, журналистхэр абы кърихьэлIащ. Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч жиIащ:

- Хабзэ зэрыхъуауэ, ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ирихьэлIэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм фэеплъ Iуэху щокIуэкI, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ хэлъу хэта ди журналистхэр дигу къэдгъэкIыжу. Апхуэдэ лIыхъужьхэм ящыщщ а зэманым «Ленин гъуэгум» Iута цIыхуих. Абыхэм редакцэм щахуедгъэгъэува фэеплъ пхъэбгъум Абыдэ Залымхъан, Бжьэдыгъу Шэмсэдин, КъардэнгъущI Хъалид, Кушхьэ БетIал, Шыд Ибрэхьим, Шыгъушэ Пщыкъан сымэ я цIэхэр тетщ. ЦIыхуитхум ятеухуа тхыгъэхэр нэхъ ипэкIэ къытеддзауэ щытащ, я сурэтхэр дэщIыгъуу. Ехэнэм и сурэт дгъуэттэкъыми, ди щIэджыкIакIуэхэм захуэдгъэзэн хуейхъуащ, КъардэнгъущI Хъалид и гъащIэм теухуауэ зыгуэр ящIэмэ, зыкъытпащIэну. Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, Псыгуэнсу къипсэлъыкIащ егъэджакIуэ КъардэнгъущI Амсирэт, лIыхъужьыр зэраIыхьлыр къыджиIэну. Уеблэмэ абы Хъалид теухуа тхыгъэ къытIэригъэхьэри, ди журналист хэкIуэдахэм и ехэнэми теухуа тхыгъэ щхьэхуэу къытеддзэжащ. ЖысIэнуращи, газетымрэ ди щIэджыкIакIуэхэмрэ дызэрызэпыщIам апхуэдэ IуэхуфI къыдэкIуащ.

Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ тхылъ щыдгъэхьэзырым, унафэщIу щытахэм яхуэщIыщ зым теухуауэ зыри дгъуэтатэкъым, «Къардэн Х.»-кIэ къэгъэлъэгъуа мыхъумэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, КъардэнгъущI Хъалидрэ зи цIэ къытхуэмыгъуэт Къардэнымрэ зы цIыхут. Ленинным и къалэ еджапIэ цIыкIум щыщIэтIысхьэм, КъардэнгъущIхэ ящыщу цIыхуитI къызэрамыщтэнум къыхэкIыу, Хъалид Къардэну зригъэтхат. АдэкIэ къыкIэлъыкIуа дэфтэрхэри а унэцIэмкIэ ятхыурэ екIуэкIат. Иджы абы и цIэ дыдэр зэфIэдгъэувэжащи, Хэку зауэшхуэм хэта, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэкIуэда ди лIыхъужьхэм ятеухуауэ иджы псори дощIэ. Апхуэдэ Iуэху къызэрыдэхъулIар, шэч хэмылъу, ди гуапэщ, я фэеплъри щIэблэм яхуэтхъумэнущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьар зэрыдгъэлъапIэм и щIыхькIэ, тхыдэдж, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ УФ-м и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Опрышкэ Олег ирагъэблэгъащ Кулиевым и уэрамым тет Япэ модельнэ библиотекэм. Ар яIущIащ Промышленность псынщIэмкIэ колледжым и студентхэм.**

# Нэхъыжьыфlыр щIалэгъуалэм яIуощIэ

ОПРЫШКЭ Олег и гукъэкIыжхэм дихьэхауэ едэIуащ ныбжьыщIэхэр. Нэхъыжьыр тепсэлъыхьащ и сабиигъуэм щыщу Нартан къуажэм щигъэкIуа зэманым, Тырныауз дэт курыт еджапIэм щыщIэса илъэсхэм, Москва тхыдэ-архив институтым зэрыщыщеджам. Псом хуэмыдэжу щIалэгъуалэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ тхыдэджым Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щIыпIэхэм археологие лэжьыгъэхэр зэрыщригъэкIуэкIам и хъыбарыр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Котляровэ Марие ныбжьыщIэхэм яжриIащ тхылъ еджэным нэхъ къалэн нэхъыщхьэ абыхэм я студенты-гъуэм зэрыхэмытыр, Опрышкэ Олег и лэжьыгъэ купщIафIэхэм я мыхьэнэр нэсу къагурыIуэн папщIэ щIэныгъэм лъагъуэ хухашын зэрыхуейр.

«ДыгъафIэ къалэ» академием и «Альтернатива» сабий творческэ гупым и унафэщI Жамбэч Маритэрэ абы и гъэсэн Темыркъан Аланэрэ Опрышкэ Олег тыгъэ хуащIащ езыхэм ящIа хьэпшыпыр. Аланэ зэIущIэм къыщеджащ Хэку зауэшхуэм теухуа усэ.

- Ди лъахэм теухуа гупсысэ нэхухэм я лъагъуэм сытехьэнымкIэ къысхуэщхьэпащ Опрышкэ Олег и тхылъхэр. КъызэгъэщыпхъэщI Хэку зауэшхуэм теухуа лэжьыгъэшхуэхэм тхыдэджым и къэхутэныгъэхэм увыпIэ щхьэхуэ зэрыщаубыдыр. ЛIыхъужьхэм я цIэхэр, тхыдэ дэфтэрхэр, зэхэуэхэм ятеухуа гупсысэхэр - Iуэхугъуэ куэдым ущагъэгъуазэ абыхэм, - жиIащ ОНФ-м и щIыналъэ штабым хэт Тхьэмокъуэ Анзор.



НыбжьыщIэхэм гукъинэж ящыхъуащ зэIущIэр. ХьэщIэм и гъащIэм, и лэжьыгъэхэм, археологие къэхутэныгъэхэм, щIэныгъэм и гъуэгум узэрытехьэнум - куэдым щIэупщIащ щIалэгъуалэр. Опрышкэ Олег абыхэм яжриIэжа хъыбархэр, ярита чэнджэщхэр, къахуихьа щапхъэхэр игъащIэкIэ я гум ильынущ, шэч хэмылъу.

**НАФIЭДЗ Людэ.**

# ЛIыгъэрэ гущIэгъурэ

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зыжьыхэмыуа унагъуэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуа лъэхъэнэм я щIыналъэр яхъумэжыну дэкIащ ди къуажэдэс цIыхухъухэм я нэхъыбапIэри.**

ЖЬЫРИ щIэри щыгъуазэщ а зауэм ди цIыхухэр щхьэмыгъэзэу зэрыхэтами, и нэхъыбэм я щхьэр зэрыхалъхьами. Зи насып кърихьэкIыу къэзыгъэзэжахэм ящыщ зыщ ди тхыгъэр зытеухуар. Ар Зеикъуэ къуажэм щыпсэуа Жылау Хьэжкъасымщ. А щIалэр Совет армэм ираджауэ щытащ 1940 гъэм. Хэку зауэшхуэм ипэкIэ 104-нэ фочауэ дивизэм хагъэхьэри фин зауэм хэтащ. Ауэ адыгэ щIалэр нэхъыбэу лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ щихуар Хэку зауэшхуэм и зэманырщ. Ар яхэтащ Сталинград бийм щызыхъумахэм. А къалэр фашистхэм ирамыгъэубыдын папщIэ я псэр ятащ Хьэжкъасым щызэуа частым хэта сэлэтхэм я нэхъыбапIэм. Езы щIалэм биишэ къытехуэри, фэбжь хьэлъэ игъуэтауэ зауэ губгъуэм кърахыжауэ щытащ. КъызэфIагъэувэжа нэужь, Iэщэ IэщIэлъу зэрыпхъуакIуэхэм япIэщIэтыжыфынутэкъыми, дзэм къыхагъэкIыжри къаутIыпщыжащ и адэжь щIыналъэм.

И жылэм къыдыхьэжри, и узыншагъэр тIэкIу нэхъ зэтес хъужауэ къыщыфIэщIым, макIуэ военкоматым, «мыращ, си Iэ-си лъэ къэткъым, къуажэ цIыхухъухэр зауэм Iуту сэ мыбдеж сыдэсыну къезгъэкIуркъым, згъэзэжынут армэм», жеIэри. АрщхьэкIэ, зыбгъэдыхьа щIалэм къыхуидакъым: «Уэ фIырыфIкIэ укъаутIыпщыжакъым, уи узыншагъэм къихьыну щытамэ, дзэм укъыхагъэкIыжынутэкъым. Хуит утщIыпэнуми, фронтым узэредгъэшэн машинэ диIэкъым».

Хьэжкъасым фIэфIтэкъым зауэм зэрыщыIам тепсэлъыхьыжын. Ауэ дунейпсо тхыдэм къыхэна Сталинград зауэм и курыкупсэм зэрыхэта къудейм, абы уIэгъэ хьэлъэ зэрыщыхъуам къегъэлъагъуэ ар щхьэмыгъазэу фашистхэм зэрапэщIэтар.

Жылаум лIыгъэ зэрыхэлъар, зэрыгущIэгъулыр наIуэ хъуащ фронтым къикIыжа нэужьи:

- Ди адэм бынибгъу дриIащ, - игу къегъэкIыж абы ипхъу Ларисэ (Лалусэ), - сыщыцIыкIум щыгъуэ зэхэсхыу щытащ Хьэрэ-кхъуэрэ бгымрэ абы пэгъунэгъу мэзымрэ щекIуэкIа зауэм и хъыбар. Абы щыгъуэ ди адэр дзэм къыхагъэкIыжауэ жылэм дэст. ЗэраIуэтэжымкIэ, зы махуэ гуэрым фашистыдзэм я нэхъыбэм ди къуажэм и Iэгъуэблагъэр къабгынат. Ауэ нэмыцэ зыкъомми зыщагъэбыдат Хьэрэ-кхъуэрэ и Iэхэлъахэм. АдэкIэ щыIэ дыгъэмыхъуэ мэзым щIэст ди сэлэтхэр. Ди унэ щхэгъубжэм удэплъмэ плъагъурт Хьэрэ-кхъуэрэ бгыщхьэм щызекIуэхэр. Апхуэдэу зы махуэ гуэрым, фоч уэ макъхэр щызэхихым, ди адэр щхьэгъубжэм дэплъащ. А меданым абы и нэр хуэзащ зи гугъу тщIы бгыщхьэм къихута ди зауэлIыр зэрыджэлам. «ЯукIауэ пIэрэ, хьэмэрэ къела?» - жиIэу гузавэу жэщ игъэхъуащ ди адэм. «Дауэ хъуми и пэжыпIэр къэщIэн хуейщ», - кIыфI зэрыхъуу щэху цIыкIуу дэкIщ, бгыщхьэм дэкIуейри, сэлэтыр мыпсэужу къыщIэкIащ. Бийм ящыщ зыкъом иджыри а щIыпIэм ист. Шынагъуэт абы ущызекIуэну. ИтIани и гум техуакъым хьэдэр губгъуэм къринэн. И плIэм къыдилъхьэщ, зыми гу зылъримыгъатэу къуажэм къыдихьащ, Бахъсэныпсым телъ лъэмыж хъыринэм ирихри, кхъэ гъунэгъум щыщIалъхьащ...

Зауэр иухри зэманыфIи дэкIыжауэ Хьэжкъасым иужь ихьащ бгым кърихьэхыу я къуажэкхъэм щIыщIалъхьа сэлэтым и лъэужь техьэну. ЗауэлIым и жыпым кърихa тхылъымпIэр ихъумэрт. Абы зэритымкIэ, ар лъэпкъкIэ къэрэшейт. Хьэжкъасым и Iыхьлыхэм, гъунэгъухэм, Жылау Нурбий яхэту, ярегъэлъагъу сэлэтым и гуфIакIэм къыдиха тхылъымпIэр. Черкесск урысыбзэкIэ къыщыдэкI газетым Нурбий тхыгъэ ирегъэхь Iуэхур къызэрекIуэкIар иту. Куэд мыщIэу а щIыналъэм къокIри къокIуэ зи псэр зыта къэрэшей зауэлIым и Iыхьлыхэр, икIи абы и кхъащхьэр зрагъэлъагъу. Абыхэм нэхъапэм хъыбар къазэрыIэрыхьамкIэ, я щIалэр хъыбарыншэу кIуэдауэ арат. ИужькIэ сэлэтым и Iыхьлыхэр аргуэру къакIуэри кхъащхьэр зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэу Хьэжкъэсым и фIыгъэкIэ наIуэ хъужащ ди къуэш щIыналъэм щыщ зауэлIым и кIуэдыкIар.

ТекIуэныгъэм иужькIэ Жылаур Iутащ мэзым щIэт псэущхьэхэр хъумэным пыщIа IэнатIэм. Я къуажэ колхозми щылэжьащ. КъищынэмыщIауэ, бынибгъур зыхуей хуэгъэзэн хуейтэкъэ?! ЩIыуэ гектаритI унагъуэшхуэм яIэти, нартыху, хадэхэкI щащIащ, былым куэд зэрахуэу щытащ. Абы щыгъуэ Хьэжкъасым и Iэщым ирисондэджэртэкъым, уасэ езэгъырабгъукIэ колхозым иритырт.

Хэку зауэшхуэм щхьэмыгъазэу хэта Жылаум и бынибгъум щыщу нобэ 4-р псэущ - Сэфарбий, Рае, Хьэмидбий, Ларисэ сымэ. Абыхэм къащIэхъуэжахэр 30-м щхьэпрокI. Хьэжкъасым и бынхэм къахэкIащ мэкъумэшым елэжьхэри, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидати, ди республикэм и щIыхьыр зыхъума, Европэм, къэралым щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIа спортсмени. ЛIы хуэдэлIу, хабзэшхуэ хэлъу, пщIэ иIэу Зеикъуэ къуажэм дэса Жылау Хьэжкъасым и зауэ гъуэгуанэм, и дуней тетыкIам, шэч хэмылъу, иригушхуэ хъунущ абы и щIэблэр.

**САУТ СулътIан.**



# Адэжьхэм я щIэиныр ягъэлъапIэ

**Хабзэ зэрыхъуам тету, мы гъэми Урысейм и хэгъэгухэм щатхащ «ТекIуэныгъэм и диктант». А Iуэхум ди республикэри жыджэру хэтащ. Псом хуэмыдэу куэд щызэхуэсащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым, нэгъуэщI еджапIэхэми. Студентхэм нэмыщI, хэкупсагъэр къагъэлъагъуэу Iуэрытхым хэтащ депутатхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.**

УРЫСЕЙ Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, «ТекIуэныгъэм и диктантыр» щIыпIэ мин 20-м щIигъум щатх. КъищынэмыщIауэ, хамэ къэрал куэдми ди лъахэгъухэр щызэхуос. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, цIыху мелуанитIым щIигъу зэхуешэс диктантым. Ар щатхащ къуажэхэм, къалэхэм, уеблэмэ псыщхьэм тет кхъухьхэм, гъущI гъуэгу вокзалхэм, аэропортхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къапщтэмэ, абы щеджэу, щылажьэу цIыху 500-м щIигъум ятхащ. «ТекIуэныгъэм и диктант-2026» Iуэхур мы гъэм зытеухуар Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейрэ илъэс 85-рэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий къызэралъхурэ илъэси 130-рэ зэрырикъурщ.

А илъэсхэм къэхъуахэмрэ лIыхъужьхэмрэ ятеухуауэ я щIэныгъэр здынэсыр къапщытэ абы хэтыну мурад зыщIахэм.

КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым и унафэщIым и къуэдзэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Тумэ Аскэр университетым къыщызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

- Хэку зауэшхуэр сыт щыгъуи ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, ар дэтхэнэми епхащ, дэ тщыщ куэдым фронтым щызэуа е тылым щылэжьа Iыхьлыхэр яIэщ, - жиIащ абы. - Абыхэм ящыщ зыкъомми цIыкIуу зауэр я нэгу щIэкIащ. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр нацистхэм яубыдауэ зэрыщытар, бийр ди лъахэм изыхужахэм я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Фэ фщыщ куэд волонтёр проектхэм жыджэру хэтщ, ветеранхэм илъэс псом зыщIагъакъуэу. «ТекIуэныгъэм и диктантыр» зауэжьым лIыхъужьыгъэ щызезыхьахэм я фэеплъщи, дывгъэхъумэ.

Аскэр къекIуэлIахэм ехъуэхъуащ диктантыр я щIэныгъэр къызэрапщытэ къудейм и мызакъуэу, ди адэжьхэм яхэлъа лIыхъужьыгъэм езыгъэгупсыс, абыхэм яхуэфащэу щытыну къыхуезыджэ къару яхуэхъуну.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутат Беспаловэ Наталье, абы и нэIэ щIэтщ законодательствэм, щIыпIэ самоуправленэм, щэнхабзэм, граждан жылагъуэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэр. БзылъхугъэмкъыхигъэщхьэхукIащ «ТекIуэныгъэм и диктантыр» къэухьыр къызэрапщытэ Iэмал мыхъуу, тхыдэ мыхьэнэ куу зиIэ проект ину зэрыщытыр. Парламентарийм зэрыжиIамкIэ, акцэм Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэр зэкъуегъэувэ я зэхуэдэ фэеплъымрэ лъапIэныгъэхэмрэ я хъуреягъкIэ, къэралым и блэкIам щIалэгъуалэм пщIэ хуащIу ирегъасэ. Беспаловэ Наталье къыхигъэщащ зэхыхьэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрекIуэкIыр лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэныр, тхыдэм и пэжыр хуэсакъыу хъумэныр жылагъуэ псом и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытым зэридамыгъэр.

Диктантыр дакъикъэ 45-кIэ екIуэкIащ, упщIэ 25-м жэуап иратащ. Ахэр теухуат Жуковым и биографиемрэ дзэзешэм бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ, абы и унафэм щIэта операцэ нэхъыщхьэхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, тхакIуэхэм, зауэм хэтахэм. Зы Iыхьэр теухуат Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъуахэм, лIыхъужьхэм. Хабзэ зэрыхъуам тету, тестым хэтащ дзэ Iуэху хэхам теухуахэри.

Социально-гуманитар институтым и студент Бакуев Владимир и гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ:

- «ТекIуэныгъэм и диктантым» сфIэфIу сыхэтщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ си адэжьхэм я щIэиныр согъэлъапIэ икIи абыхэм я лIыхъужьыгъэм и фэеплъыр схъумэну сыхуейщ. Мы проектым Iэмал къыдет ди къэралымрэ республикэмрэ я тхыдэм иджыри зэ дрипхъэжыну, дызыщымыгъуазэхэр иридгъэкъужыну.

Урысейпсо акцэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ «Урысей зэкъуэт» партыр, Урысей дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэмрэ Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэмрэ «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» зэщIэхъееныгъэмрэ. КъБКъУ-м Iуэхур къыщызэзыгъэпэщар Социально-гуманитар институтымрэ университетым Гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэмрэщ.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

# Мы махуэхэм

## Накъыгъэм и 9, *щэбэт*

♦**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

♦**1910 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бакъ Нарзан**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и связист **Ефэнды Батий**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэлыкъ Къэралбий**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Блий Станислав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

## Накъыгъэм и 10, *тхьэмахуэ*

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лолэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ усакIуэ **ХьэцIыкIу Хьэсэн**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ усакIуэ **Къуныжь ХьэIишэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

## Накъыгъэм и 11, *блыщхьэ*

♦**1934 гъэм** КъБР-м ПромышленностымкIэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **АфэщIыж Марат**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI, республикэм щIыхь зиIэ и экономист **Мусуков Алий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

## Накъыгъэм и 12, *гъубж*

♦**1954 гъэм** Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Аргун Iэбубэчыр**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгърат**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хьэщыкъуей Билал**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех **Къарей Элинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 24-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 23-рэ: 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

*Накъыгъэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 169-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3172-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ**:

**Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкI.**

# Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!





# Ди хьэщIэщ зэхыхьэм кърихьэлIа щIалэгъуалэр

**Мы махуэхэм Налшык къалэм щекIуэкI Урысей-Абхъаз щIалэгъуалэ форумым и лэжьыгъэм пещэ. Абхъаз Республикэм къикIа, Урысейм и щIыналъэ 20-м щыщ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ махуэ къэс щIэ гуэр зрагъащIэ, зрагъэцIыху. Ахэр щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм, зрагъэлъэгъуащ ди лъахэм и щIыпIэ дахэхэр, адыгэхэм, балъкъэрхэм я лъэпкъ хабзэмрэ гъэхьэщIэкIэмрэ, щIыналъэ щIалэгъуалэ центрхэм я Iуэху зехьэкIэр, апхуэдэуи ерыскъы IэфIхэр ирагъэшхащ.**

IЭЩIАГЪЭЛI ныбжьыщIэхэр гуп-гупу гуэшауэ республикэм и къулыкъущIапIэхэм щызэрахьэ Iуэхухэм зыхагъэгъуазэ, унафэщIхэм яхуозэ. Республикэ газетхэм я гъэхьэзырыкIэр, редакцэхэм я зэхэлъыкIэр зрагъэлъагъуну зы гуп ПечатымкIэ унэм щыхьэщIащ. Абыхэм яхэтт Абхъазым, Шэшэным, Запорожскэ областым къикIахэр. ХьэщIэхэм яхуэзащ «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «РИА-КъБР» хъыбарегъащIэ агентствэм я редактор нэхъыщхьэхэр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жыласэ Заурбэч редакцэм и хьэщIэщым къыщригъэблэгъащ хьэщIэхэр. ФIэхъус псалъэкIэ захуигъазэри, республикэм тхылъымпIэм тедзауэ къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я редакцэхэр зыщIэс ПечатымкIэ унэр 1987 гъэм зэращIар жиIащ. Республикэ газетхэр, радиор, телевиденэр къэралыбзищкIэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ - зэрылажьэр, къызэрыдэкIыр, хэгъэгум и газет нэхъыщхьищым я илъэсищэр 2024 гъэм зэрагъэлъэпIам щыгъуазэ ищIащ Заурбэч, апхуэдэуи «Адыгэ псалъэ» газетым и къежьапIэр, къикIуа гъуэгуанэр яжриIэжащ, гзетым и музейм щызэхуэхьэса хьэпшыпхэр яригъэлъэгъуащ.

- Правительствэ газетхэм ящыщу «Горянка»-р нэхъ щIалэ дыдэщ, ар 1998 гъэм къыдагъэкIын щIадзауэ аращ, бзылъхугъуэхэм я жэрдэмкIэ, – жиIащ а газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. - Абы и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта Сэбаншы Розэ жылагъуэ газетым правительствэ мыхьэнэ иритын хузэфэкIащ.

Дэ Абхъазым къыщыдэкI «Апсны» газетым дыдолажьэ. КъищынэмыщIауэ, си дэлъхур щыхэкIуэда къэралым лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сыпыщIащ. Куэдрэ сокIуэ, ныбжьэгъухэри щызиIэщ, «Рифмы на Рице» абхъаз-адыгэ литературэ фестивалыр щызогъэкIуэкI. ТхакIуэхэм, усакIуэхэм, дизайнерхэм дапыщIащ. Ди усэхэр, пьесэхэр абхъазыбзэкIэ зэрадзэкI, дэ абхъаз усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэкIэ зыдодзэкI, тхылъыщIэхэр дунейм къытохьэ.

«Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Суановэ Залинэ жиIащ щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ газет къыдэзыгъэкI щIыналъэ мащIэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр, абы 1939 гъэм къыдэкIын зэрыщIидзар, зауэ лъэхъэнэм зэпагъэуауэ зэрыщытар, архивхэм 1956 гъэм щыщIэдзауэ фIэкIа зэрыхэмылъыжыр.

- «Молодежка» газетыр иджыпсту тхьэмахуэм зэ къыдокI, напэкIуэцI 16 хъууэ. Нэхъыбэу гу зылъыттэхэм ящыщщ щIалэгъуалэм яхуэгъэза лъэпкъ проектхэр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъур, зи ныбжьыр илъэс 30-м нэсхэр дэзыхьэхын тхыгъэхэр къызэрытеддзэныр иужь дитщ. Ауэ ар тыншу жысIэфынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ ди щIэджыкIакIуэхэращ интернетыр иджыпсту махуэ къэс къэзыгъэсэбэпыр. Дауэ хъуми, сетхэм исхэм щхьэкIи электроннэ газет къыдокIри, сытым дежи я Iэпэгъущ, абы къищынэмыщIауэ, тхылъымпIэм тет газетри къыдолъхьэри, къыщIэбгъэщу укъеджэ мэхъу. Ди деж щылажьэхэр щIалэгъуалэ закъуэкъым, атIэ зи щIалэгъуэу къэувауэ ныбжь дахэм нэсахэри къытхэтщ, къапщтэмэ, тхакIуэ, усакIуэ, краевед куэдым я творческэ лэжьыгъэм къыщыщIадзар ди газетращ. Апхуэдэу иджыпсту республикэм ис, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм я хъыбар къызэретеддзэным дыхущIокъу, ар адрейхэм щапхъэ яхуэхъунущ, езыхэм я къежьапIэри газетым зэрытетам щыгуфIыкIыжынущ, - жиIащ Залинэ.

«РИА-КъБР» хъыбарегъащIэ агентствэм и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Азнор къызэхуэсахэм яхузэпкърихащ я лэжьыгъэр зэрызэхэлъыр, илъэс 12-м нэблэгъауэ агентствэр зэрылажьэр, республикэм щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэр, адрей унэтIыныгъэ псори къызэщIиубыдэу я лэжьыгъэр зэрыубзыхуар. «Ди къалэн нэхъыщхьэр республикэм къыщыхъу Iуэхухэм ятеухуа хъыбарыщIэхэр икIэщIыпIэкIэ цIыхухэм я пащхьэ итлъхьэнырщ», - дыщIигъуащ Аттаевым.

ЩIалэгъуалэр яфIэгъэщIэгъуэну хэтащ мы зэIущIэми. Налшык къалэ махуищ хъуауэ щекIуэкI форумыр къызэрыщыхъумкIэ деупщIащ Абхъазым къикIа Хачатурян Аннэ.

- Сэ Абхъаз къэрал университетым туризмэ IэщIагъэм сыщыхуоджэ, етIуанэ курсым сыщIэсщ, - жиIащ абы. - Хуабжьу телъыджэу дыкърагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Форумым и фIыгъэкIэ гъэщIэгъуэн куэд къэсщIащ, псалъэм папщIэ, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зэрызэщхьыр, цIыху гуапэ куэд зэзгъэцIыхуащ, дахагъэ куэд дагъэлъэгъуащ. Джэгум драгъэблэгъати, адыгэ къэфэкIэ зэзгъэщIащ, балъкъэр ныбжьэгъу схуэхъуати, балъкъэрыбзэкIэ псалъэ зытIущ зэзгъэщIащ, ахэр сэркIэ лъапIэщ, абы нэхъ гъунэгъу дызэхуещI.

Налшык иджы япэу сыкъакIуэу аращ, мыпхуэдиз щхъуантIагъэ зыдэт нэгъуэщI къалэ зэи слъэгъуакъым. ЦIыхухэм я гуапагъымрэ нэфIэгуфIагъымрэ-щэ?! Дызыхуэзэу хъуам къытщыгуфIыкIыу сэлам къыдах. Машинэр щызежэ уэрамышхуэхэм, цIыхухэм папщIэ лъэс лъагъуэхэр зэриIэр, абы лъакъуэрыгъажэкIэ къэзыжыхьхэм яхухэха гъуэгу щхьэхуэ зэрыбгъурытыр согъэщIагъуэ. СыткIи зэгъэпэщащ Налшык. Щыпсэухэми хуабжьу сыдахьэхащ.

Дэ, Абхъазым къикIахэм нэмыщI, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа щIалэгъуалэри къытхэтщ. Сэ нэхърэ нэхъыбэжу абыхэм ягъэщIагъуэ Кавказым щекIуэкI хабзэр, щэнхабзэр, хьэщIэ къегъэблэгъэкIэр, гъэхьэщIэкIэр, шхыныгъуэхэм я IэфIагъыр. Иджы согупсыс, зы зэман щыIащ хабзэр зэрамыпэсыжу, я теплъэкIэ, зыхуэпэкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ нэгъуэщIхэм зрагъэщхьыну хуейуэ, ауэ ди гуапэ зэрыхъущи, иджырей щIалэгъуалэм лъэпкъ хабзэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ къэIэтыжыну, яхъумэну, ягъэбэгъуэну хуейуэ гу лъызотэ. Абы щыхьэт тохъуэ мы форумым къыщызэхуэса, кавказ лъэпкъхэм къахэкIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ, дыкъыздеблэгъа лъахэм ис, иджы ныбжьэгъу тхуэхъуа, лъэпкъ фащэкIэ зэщыхуэпыкIауэ, щхьэж и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр ди пащхьэ къизыхьэ ныбжьыщIэхэр. Сэ абы хуабжьу сегъэгушхуэ.

«Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым къыщызэхуэсахэр Жыласэ Заурбэч редакцэм къыщришэкIащ, газетыр зэрагъэхьэзыр, къызэрыдагъэкI щIыкIэхэм яхутепсэлъыхьащ, журналистхэр щылажьэ, газетыр щызэхагъэувэ пэшхэм щIишащ.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## УФСБ-м къет

### Iулъхьэ къыIихын мурадкIэ

**Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ уэчылым зэрихьэ хабзэншагъэр. Абы щIыпIэм щыпсэум хуигъэлъэгъуащ, ахъшэ къритмэ, уголовнэ жэуапым ирамышэлIэнымкIэ дэIэпыкъуну.**

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 291.1 статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьахэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIыс.

### Терроризмэм зыщIигъакъуэрт

**Апхуэдэу Управленэм и лэжьакIуэхэм наIуэ къащIащ илъэс 38-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэр терроризмэм ахъшэкIэ зыщIэгъэкъуэным зэрыпыщIар.**

Шэч зыхуащIым, ахъшэ зэхуихьэсырти, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм хэтхэу хабзэхъумэ IэнатIэхэм зыщагъэпщкIухэу хамэ къэралхэм щыIэхэм я счетхэм игъакIуэрт.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м 205-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам тезыру тралъхьэнкIэ мэхъу и гъащIэр лъэхъуэщым щихьыну.

### Налшыкдэсым илъэси 5-м нэс къыпоплъэ

**Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ илъэс 54-рэ зи ныбжь налшыкдэсым хабзэншагъэ зэрилэжьыр.**

Абы интернетыр къигъэсэбэпурэ зэбгригъэхырт цIыхухэм яку лъагъумыхъуныгъэ дэлъхьэным, зэгъэбииным, апхуэдэуи зыщыщ лъэпкъым, и бзэм, диным зэрыхущытым, нэгъуэщIхэми елъытауэ я пщIэр гъэпудыным ехьэлIа тхыгъэхэр.

Урысей Федерацэм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м 282-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, абы илъэси 5-м нэс тралъхьэнкIэ хъунущ.

### Сом мелуани 5,8-рэ хэщIыныгъэу

**Экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу хабзэхъумэхэм къызэпаудащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщIым зэрихьэ хьэгъэщагъэр.**

КъызэрыщIагъэщамкIэ, абы КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм Iэригъэхьащ ахъшэ зэрыригъэхьам теухуа тхылъ нэпцI. Илэжьа хабзэншагъэм кърикIуащ сом мелуани 5,8-рэ хъу хэщIыныгъэ.

УФ-м и УК-м и 187-нэ статьям 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.


Садин


Мэдин


Мыцэ


Нажмудин

# ШэрIужь зэкъуэшхэм я лIыгъэщIапIэ

Усакlуэ ШэрIужь Аслъэн и къалэмыр куэдрэ хуегъэпс Хэку зауэшхуэм. И нэхъыжьхэм епха гукъэкlыжхэм, я унагъуэм и тхыдэр къэралым и тхыдэм къыпхыщыж зэрыхъуам, лъэпкъым я нэхъыжьхэм я плlэр ухуауэ цlыхухъу къалэным зэрыбгъэдэувам, щlэблэм дежкlэ Текlуэныгъэ Иным и мыхьэнэм урагъэгупсыс зауэ гупсысэр зыпхыша усэхэм. Зауэм хэта и адэшхуэм и щlыхьыр ехъумэ, и лlыхъужьыгъэм пщlэ хуещl, и нэхъыжьыр щапхъэ зэрыхуэхъур къегъэлъагъуэ. Сатырхэм дыкъоджэри, хьэкъыу ди фlэщ мэхъу зауэ гъуэгум хахуэу ирикlуа адэшхуэм и гъащlэр lэпкълъэпкъ псомкlи быным и быныжым зэрызыхищlэр. Игъащlэм илъэгъуакъым и нэхъыжь-лlыхъужьыр, игъащlэкlэ щlалэу къэнащ Хэкур ихъумэу зи псэр зытар. Иджы блыным фlэлъ сурэт щlалэм йопсалъэ, фlыщlэ хуещl, и гукъеуэхэри къехъулlэхэри хуеlуатэ.

Аслъэн и адэшхуэри, и адэшхуэ къуэшхэри Хэку зауэшхуэм лlыгъэщlапlэ щитащ. Мэдин Харьков и lэшэлъашэхэм щыхэкlуэдащ. Садин и иужь письмор Воронеж къалэм къритхыкlауэ щытащ, тхылъым зэритымкlэ абы щыщlалъхьащ. Нэхъыщlэ дыдэ Нажмудин Грознэ къалэр зэрыпхъуакlуэхэм ящызыхъумэхэм яхэту, абы и lэшэлъашэхэм уlэгъэ щыхъури, госпиталым щылlауэ щытащ. Мыцэ гъэр хъури нэмыцэlуэм исащ, зауэр иухыу хуит къащlыжа нэужьи, бэлыхь куэд игъэвыжащ. ШэрIужь Хьэкlашэ и щlалиплlым - Садин, Мэдин, Мыцэ, Нажмудин сымэ (сурэтхэм) - ятриухуа сатырхэр хэтщ ШэрIужьым и тхыгъэхэм. «Текlуэныгъэм и махуэшхуэ» зыфlищар уэрэду тхащ. Ар КъБР-м щlыхь зиlэ и артист Цокlыл Азэмэт егъэзащlэ, уэрэдым Псыгуэнсу къуажэм клип щытрихащ режиссёр Емкlуж Андзор зи унафэщl «Кавказфильм» lуэхущlапlэм. Адэшхуэм и зауэ гъуэгум, и ужьым къинахэр абы и фэеплъым зэрыхуэсакъыр къыхощ уэрэдым. Езы усакlуэм гу зэрылъыдигъатэмкlэ, мыр зауэм lута зэкъуэшиплlми я фэеплъщ. Лlыхъужьхэм я щlыхьым щэнкlи lуэхущlафэкlи хуэфэщэнщ я лlакъуэм къыпызыщахэр.

ШэрIужьым и усыгъэм къыхощ Хэку зауэшхуэм хэта и адэшхуэм зэман кlыхькlэ пэплъа щхьэгъусэм, усакlуэм и анэшхуэм, и псэ къабзагъэр, бэшэчагъыу къылъыкъуэкlар, зауэлlым и фэеплъым пщlэуэ хуищlар, лlыхъужьым къигъэзэжынкlэ хъуну гугъэр ахърэтым зэрыздихьар. Адэшхуэм къигъэхьауэ щыта тхыгъэхэм ар щабэу зэреlусэм, къызэкlуэцlихыурэ зэрепсалъэм, а тхылъымпlэ кlапэхэм лlыхъужьым и мэ къыкlэрихыу къызэрыфlэщlым дыкlэлъоплъ. Аращ атlэ гъащlэ хъужыр – цlыхупсэ къабзэрщ, гу зэпыщlахэрщ, щlэблэ узыншэрщ, фэеплъ гуапэрщ... А псор щыдолъагъу «Си Дадэ» усэм.

ШэрIужь Аслъэн Хэку зауэшхуэм теухуа и усэхэм къахощl лlыгъэ, хахуагъэ, псэ къабзагъэ, хуабагъэ, пщlэ-нэмыс. Сатырхэм гукъэкlыжрэ фэеплъым лъыс пщlэмрэ щызэщlэтщи, щlэджыкlакlуэр гъащlэм ирегъэгупсыс. Щапхъэу къыдогъэлъагъуэ ШЭРIУЖЬ Аслъэн зауэм триухуа усэ зыбжанэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

<u>**ЩЭРIУЖЬ Аслъэн**</u>

## Текlуэныгъэм и махуэшхуэ

**Зауэшхуэм щыщlидзам унагъуэ ухъуагъащlэт,**
**Уи унэри ныкъуэщlт, уи бынхэри цlыкlу защlэт.**
**Щlэщыгъуэу фыщыпсэут зэгъусэу къэралыщlэм,**
**Къывиту гукъыдэж, фыухуэт псэукlэщlэ.**

**Псэм япэ изыгъэщхэм уащыщти уэри напэр,**
**Лэжьыгъэм упэрыкlри фочыкъур бубыдащ.**
**Нэхъыжьхэм зэрахабзэу, зэкъуэшхэм уиту япэ**
**Уи хэкур пхъумэжыну, лlы хахуэу уи псэр птащ.**

**Текlуэныгъэм и махуэшхуэ,**
**Нэщхъей дищlми, дрогушхуэ.**
**Пщlэзытахэм уэ уасэшхуэ**
**Зэращыщыр ди адэшхуэр!**

**Къащlэну уи кlуэдыкlэр щlэхъуэпсу къэпсэуами,**
**Укъэзылъхуахэм я щхьэр зы махуи мылъэхъша.**
**Умыпсэужу тхылъ, уэр щхьэкlэ къыхуахьами,**
**Щхьэгъуси адэ-ани я гугъэр хамыха.**

**Зауэшхуэр зэриухрэ блэкlами зэманышхуэ,**
**Къытхэмытыжми ар зи нэгу щlэкlауэ куэд,**
**Дэ уэркlэ ди щхьэр лъагэщ сыт щыгъуи, ди адэшхуэ,**
**Дапщэщи фи пщlэр фэ, мы щlым щыремыкlуэд!**

**Текlуэныгъэм и махуэшхуэ,**
**Нэщхъей дищlми, дрогушхуэ.**
**Пщlэзытахэм уэ уасэшхуэ**
**Зэращыщыр ди адэшхуэр!**

## Адэшхуэ

**«Адэшхуэ» жаlэм, хэту щытми,**
**Ар лlыжь жьакlэхуу дэ къытфlощl.**
**Ауэ ди блыным фlэлъ сурэтым**
**Зы щlалэщlэ дыдэ, мисыр, къощ.**

**Ар и адэжу сэ си адэ,**
**Зи щхьэцыр тхъуам, мыхъун уи фlэщ.**
**Сыбгъэдокlуатэ, жысlэу - «Дадэ!»,**
**- Къызэрыдитыр гъащlэр зэщ.**

**А зэм уи Хэкур пхъумэжыну,**
**Уэ lэщэ пlыгъыу гъащlэр птащ.**
**Ар сэ си дежкlэ фlыщlэ ину,**
**Ух лъэпкъ имыlэу къысхуэнащ.**
**Сэ уэ уи lэплlэ симысами,**
**Плъэкl къэбгъэнакъым къысхуэпщlэн.**
**Адэшхуэ зиlэм сехъуэпсами,**
**Сухакъым уэркlэ сыгушхуэн!**

**Дадэ, иджыри бий етауэ,**
**Ди lуэху нэ lейкlэ къеплъыр куэдщ.**
**Чэзур сэ нобэ къыслъысауэ,**
**Къэрал гъунапкъэм сыбгъэдэтщ.**

**Икlи lэ фlейкlэ ди lуэху пэжым**
**Зэгуэр бий бзаджэр къеlусам,**
**Сыхъунщ уэ уэщхь си адэм и адэ!**
**Сыкъикlуэтынкъым, гъащlэр стам!**

## Си Дадэ

**Тхылъымпlэ щимэ дахэу зыкlуэцlылъхэр**
**Къыдихти пхъуантэм, нанэ зэкlуэцlихт,**
**Къопсалъэ хуэдэу жиlэрт и гурылъхэр,**
**Къыфlэщlт тхылъымпlэм уи мэ къыкlэрих.**

**Зауэ нэужьым гъэхэр блэкlыжами,**
**Химыхыу гугъэр нанэ екlуэкlащ.**
**Къыппэплъэу бжэр хуимыщlу къэпсэуами,**
**Ахърэтым и гугъапlэр ныздихьащ.**

**Ардыдэр я хъуапсапlэу бын къэплъхуахэм,**
**Адэ и lэфl щlэбэгыу жьы хъужащ,**
**Ар къэгъэнауэ, быным и быныжхэр**
**Сыт щыгъуи гъащlэм дыщыпхуэныкъуащ.**

**Тхэмытми зыри зылъэгъуа уи кхъащхьэр**
**Къытхэмытыжми зэ иплъа уи нэгу,**
**Дэ нобэ псоми пхудогъэщхъыр ди щхьэр,**
**Уэ уэщхь дыхъуну сыткlи дыхущlокъу.**

**Апхуэдэу макlуэ гъащlэр къэмыувылэу,**
**Зэманыр къэхъукъым щlыбкlэ къыщикlуэт,**
**Блэкlа гъэ блыщlрэ тхур зауэ щымылэу**
**Фэращ зи фlыщlэр - ар дымыгъэкlуэд.**

**Аргуэру соплъыр блыным фlэлъ сурэтым -**
**Ущlалэщ ноби зыкlи зумыхъуэж,**
**Уи быным и быныжу сэ сыщытми,**
**Щхьэц налъэ сэ мытхъуауэ симылэж.**

**Шэч гуэри уи гупсысэхэм хэмыту,**
**Уэ щlэблэм я къэкlуэным псэр щlэптащ,**
**Щылэххэм хабзэ гуэрхэри ахърэтым,**
**Жэнэт къыщыплъысыну къэблэжьащ!**

## Сыту lэфlт Тlуащlэ хьэлlамэр

***Балладэ***

*(Хэку зауэшхуэм и зэманым ди Текlуэныгъэм щlэбэна псоми я фэеплъу)*
*Макъамэр* **Зеущэ lэуес**,
*псалъэхэр* **Пщыбий Сулътlан** *яйщ.*

**Хэку зауэшхуэм и гуащlэгъуэт,**
**Сталинград деж текlуэныгъэр**
**Ди Дзэ Плъыжьым къыщихьат.**
**Сабиигъуэ дэ димыlэу,**
**Жэщ е махуэ, дэ жыдмыlэу**
**Гъатхэ хъуамэ, губгъуэм дитт.**

*Ежьу:*
**Сыту lэфlт Тlуащlэ хьэлlамэр,**
**Хьэлlамэпсыр лэпсу къытщыхъурт, уей.**

**Хьэсэ тlэкlухэр зетхьэу, дыпщlэрт.**
**Текlуэныгъэм дыщlэхъуэпсу,**
**Ди пщlэнтlэпсыр етлъэщlэкlырт.**
**Бжьыхьэ хъуамэ, уэшхи уэси**
**Зыхэдмыщlэу къетхьэлlэжырт,**
**Ари фронтым тыгъэ хуэтщlырт.**

*Ежьу:*
**Сыту lэфlт Тlуащlэ хьэлlамэр,**
**Хьэлlамэпсыр лэпсу къытщыхъурт, уей.**

**Зэрыпхъуакlуэу фашистыдзэр**
**Етхужьэжри, мамырыгъэр**
**Дуней псом щытекlуэжащ.**
**Дэ гугъуехьым дыщымыщтэу,**
**Жьыкlэфэкlи сабий псоми**
**Ди Хэку-лъапlэр тхъумэжащ.**

*Ежьу:*
**Сыту lэфlт Тlуащlэ хьэлlамэр,**
**Хьэлlамэпсыр лэпсу къытщыхъурт, уей.**

## Сакъыныгъэр нэхъыщхьэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщlэхэмрэ йохъуэхъу Текlуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкlэ икlи ахэр къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкlэ хабзэхэр ягъэзэщlэну:**

- щытыкlэ къызэрымыкlуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкlэ шынагъуэ къэзышэнкlэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щlыпlэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщlамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкlуэкlыну мурад зэраlэм, къагъэуэ lэмэпсымэхэр, lэщэхэр цlыхухэм зэраlыгъым фыщыгъуазэмэ, щlэпхъаджагъэ лэжьыным пыщlахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфlэрыхьэмэ, хабзэхъумэ lэнатlэхэмрэ экстреннэ къулыкъущlапlэхэмрэ икlэщlыпlэкlэ хъыбар евгъащlэ;
- хабзэхъумэ lэнатlэхэм я лэжьакlуэхэмрэ цlыху куэд щызэхуэс lуэхухэр щекlуэкlкlэ хабзэр къызэгъэпэщынымкlэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащlэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаlэрыхьа псоми ятеухуа lуэхухэр зэфlагъэкlынущ, цlыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщlэ.

КъБР-м щыlэ Оперативнэ штабым шэч зыхуащlым ехьэлlа хъыбар къаlэрызыгъэхьахэр хэlущlыlу ищlынукъым, апхуэдэуи фlыщlэ яхуещl республикэм щыпсэухэм зэрызэхащlыкlым папщlэ.

*«Линэ пщтыр» телефонхэр:*

- КъБР-м щыlэ Оперативнэ штабым: 48-15-48 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыlэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыlэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыlэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыlэм: 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыlэ Оперативнэ штаб.***

## ХьэрычэтыщIэхэм яIущIэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорымрэ Хьэрычэт lуэху курытымрэ мащlэмрэ зезыгъакlуэ хьэрычэтыщlэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ уполномоченнэу КъБР-м щыlэмрэ хьэрычэтыщlэхэм яхуэзэнущ 2026 гъэм накъыгъэм и 19-м сыхьэти 9-м.

***ХэщlапlэрI:*** Налшык къалэ, Кулиев Къ. и цlэр зезыхьэ уэрам, 16.

Телефонхэр: 8(8662) 40-20-48, 42-29-05, 40-48-60.

## «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

# Лъэужь дахэ къэзыгъэна цIыху щыпкъэ

**Нэмыцэ философ Кант Иммануил жиIэгъащ: «Шэдым хэплъэ цIыхуитIым щыщу зым шэдыпс илъагъурт, адрейм абы хилъагъуэр уафэм ис вагъуэхэм я лыдыкIэрт». Абы шэч хэлъкъым, цIыхур нэкIэ плъэмэ, илъагъунур и пащхьэ ит шэдыпсырщ, псэкIэ плъэфмэ - дахагъэрщ.**

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, нобэ псэкIэ плъэфхэр нэхъ мащIэ хъу зэпытщ. Псом хуэмыдэу сабийхэм уащыхэплъэм и деж абы гу лъыботэ, уегъэпIейтей, Iэмал гуэр къэзгъуэту сабиипсэр къезгъэларэт, седэхэщIарэт жыуегъэIэ. Ауэ махуэ къэс дунейм улъэщIэмыхьэу зэрызихъуэжым къыдэкIуэу, зэхъуэкIыныгъэ куэд гъащIэм къыщохъу. Дыгъуасэ фIыгъуэу, арыншауэ умыпсэуфыну къыпфIэщIу щытахэм нобэ мыхьэнэ лъэпкъ ямыIэжу, гулъыти хуумыщIыжу е нэхъапэкIэ гулъытэ мащIэ фIэкIа зумыта Iуэхугъуэхэм иджы бжьыпэр яубыдауэ ущрихьэлIэри мащIэкъым. Дауэ щымытми, ар гъащIэщ, плъыфэ зэхуэмыдэ куэду зэхэухуэнащ, дэтхэнэми зыдебгъэкIуфу ущытын хуейуэ псэуныгъэм къегъэув. А къалэнхэр ягъэзащIэкIэрэ гъащIэ архъуанэм хэмыгъуэщэн, хэмызэрыхьын папщIэ сабийхэм гъуэгугъэлъагъуэ е гъуазэ гуэр яIэн хуейщ. Школым щIэс ныбжьыщIэхэм апхуэдэ IуэхукIэ я дэIэпыкъуэгъу нэсу къэувын хуейщ егъэджакIуэхэр. А IэщIагъэр къыхэзыхахэр адэ-анэхэм дадэщIыгъуу сабийхэм захедгъэщIэн хуейуэ ди пащхьэ къоувэ фIыгъуэшхуэ куэд гъащIэм зэрыхэтыр. Зи гугъу сщIыр цIыхур къыщалъхуа унагъуэм къыщежьэ лъагъуныгъэ нэсырщ.

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, си къуажэгъу Нало Заур Мыхьэмэт и къуэм и гъащIэр щыпкъагъэм и щапхъэ нэхуу къызолъытэ. Налор Хьэтуей жылэжьым къыщалъхуащ, адыгэгу, адыгэпсэ кIуэцIылъу щытащ, и Iэдакъэ къыщIэкIа фIыгъуэ мыкIуэщIу лъэпкъым къыхуигъэнар къыпхуэмылъытэнщ. Хэти хуеину къысщохъу апхуэдэ цIыху щэджащэм и творчествэм зыщигъэгъуэзэну. Псалъэхэр зэпызыщэу щIэзыдза сабийм деж къыщыщIэдзауэ зи ныбжь хэкIуэта цIыхум нэс дэтхэнэми Налом и творчествэм езым пэгъунэгъу гуэр къыщигъуэтыфынущ. Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейт япэ дыдэу цIыкIухэм къаIурылъэлъу зрагъащIэ усэхэм я нэхъыбэр Заур и IэдакъэщIэкIхэм зэращыщыр, ахэр сабийм дежкIэ гурыIуэгъуэу бзэ дахэкIэ зэрытхам нэмыщIкIэ, гуапагъэ инкIэ зэрыпсыхьар. Дуней къэзыухъуреихьым псэкIэ хэплъэрэ зыми емыщхь жыIэкIэ гурыIуэгъуафIэкIэ къиIуэта защIэщ Заур и сабий усэхэр.

Налом и тхыгъэхэм щигъафIэ образхэм ящыщщ цIыху лэжьакIуэр. Абы хуищI пщIэр къэлъытэгъуейщ. ГуащIэдэкI хьэлэлым къыпэкIуэ хъерым и IэфIагъымрэ пщIэм и инагъымрэ зыхэпщIэну ухуеймэ, Заур и творчествэм щыгъуазэ зыхуэпщIын хуейщ.

Заур и тхыгъэхэр дызэрыхуейм хуэдизу куэду школ программэм хэту жысIэфынукъым, ауэ абы хэмыхьэу къанэхэм папщIэ е нэхъыбэу дджыну дызыхуейхэм щхьэкIэ класс щIыб лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэри ебгъэкIуэкI хъунущ.

Налом и новеллэхэр гъащIэм къыхиха защIэщ, зэ еплъыгъуэкIэ къызэрыгуэкIхэу, ауэ гупсысэшхуэ зиIэхэу апхуэдэщ. Абы и лIыхъужьхэм я нэхъыбэр ди жылэм къыдэкIахэщ, къуажэдэсхэм яцIыху защIэщ, тхыгъэхэм къыщыIуэтэжахэр щекIуэкIыр Хьэтуейщ – а псоми Нало Заури и лIыхъужьхэри еджакIуэхэм пэгъунэгъу ящI, дихьэхыу и тхыгъэхэри ядж.

ЕджакIуэхэр дэзыхьэхщ Нало Заур и «ЦIыху напэ» балладэр. Напэр хъумэныр темэ нэхъыщхьэ хуищIащ Налом мы тхыгъэ телъыджэм. Тхыгъэр фэеплъ зыхуищIа ЩоджэнцIыкIу Алий Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэ гъунапкъэншэрщ, лIэныгъэм пэуву зэреныкъуэкъурщ, Iэмал щимыгъуэтыжым деж псэр зэрыщIитыфырщ тхыгъэм ущеджэкIэ нэгум къыщIыхьэр. Напэр, лъагъуныгъэр лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я къежьапIэу зэрыщытыр фIэщ къыпщещIыф Налом мы тхыгъэмкIэ. Зи бжыгъэкIэ мащIэ, ауэ зи IуэхущIафэхэмкIэ псоми яцIыху ди лъэпкъым и къуэ пэжым Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэр, абы и пщIэр игъэлъэгэнырщ, шэч хэмылъу тхыгъэр зыхуэунэтIари.

Налом и усэхэр, новеллэхэр, рассказхэр, повестхэр къыдэкIыгъуэ щхьэхуэу дунейм къытехьащ, апхуэдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ щэнхабзэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа статьяхэр. Лъэпкъым дежкIэ фIыгъуэшхуэщ абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри.

Гугъущ нобэ Нало Заур хужамыIа гуэр къэбгъуэтыну. Нэхъ гугъужщ, зы тхыгъэ кIапэкIэ Заури творчествэмутепсэлъыхьыну. Пэжыр жысIэнщи, сэ апхуэдэ къалэни си пщэм дэслъхьэжакъым. Сэ сызыхуеяр гуапэу а адыгэлI щэджащэр дигу къэдгъэкIыжынырщ. Заур гъащIэ гъуэгуанэ гугъу къызэпичами, апхуэдэ лъэужь дахэ къэзыгъэна цIыхур насыпыфIэу сэ къызолъытэ. Абы и щыхьэтуи Хайям Омар и жыIэгъуэхэм щыщ зыкIэ си тхыгъэр сухыну сыхуейт. «Алыхьым насыпыфIэ уищIыну хуеймэ, гъуэгуанэ нэхъ гугъу дыдэр къыпхухех, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъуэгуанэ тыншкIэ насыпым хуэкIуэ щыIэкъыми».

**ТОХЪУ Алинэ.**



# Ита тхьэрыIуэр игъэпэжу

**Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Хъурей Амбей. Нэмыцэхэр ди къэралым къызэрытеуам и хъыбарыр япэу абы щызэхихащ щалъхуа Псыгуэнсу щекIуэкI пэкIум. Къуажэм и унафэщIхэу КъардэнгъущI Мурид, Темыркъан Жанхъуэт, Гъуэгунокъуэ Хьэжсуф сымэ зэIущIэм кърихьэлIахэр щагъэгъуэзащ къэралыр зэрыхуа щытыкIэ гугъум. Амбей абдеж мурад быдэ щищIат Iэщэр къэзыщтэу Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнынухэм яхыхьэну. «Ар зи щIалагъыр псэзэпылъхьэпIэм Iуувэну дауэ тегушхуа?» - жаIэу къуажэдэсхэм ягъэщIагъуэрт. Ауэ абы щыгъуэм щIалэм и мурадыр къехъулIакъым, щIалэIуэт, и ныбжьыр илъэс 17 ирикъуатэкъым. «Зауэ щIыб IэнатIэми лэжьыгъэшхуэ къыщыпэщылъщ, уэ пхуэдэ щIалэхэрщ нэхъыбэу дызыщыгугъыр», - къыщыжраIэм, Прохладнэ пэмыжыжьэу зыхъумэжыныгъэ ухуэныгъэхэр щызыухуахэм яхыхьащ. И къару емыблэжу лэжьащ, уеблэмэ игъэзэщIэн хуейм нэхъри нэхъыбэ зэрызэфIигъэкIыным хущIэкъурт.**

ЗЫ МАХУЭ гуэрым Амбей, и къуажэгъуитI и гъусэу, гъуэмылэ къахьыну щалъхуа жылэм кIуэжхэрт. Старэ Шэрэдж къуажэм нэсауэ, партым и райкомым и пщIантIэм фронтым кIуэну щIалэхэр зэрыщрагъажьэр илъэгъуащ. А Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм Амбей захуигъазэри елъэIуащ, фронтым кIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуну. Ауэ и ныбжьыр зэрыхъур ибзыщIащ. ЩIалэм щытригъэчыныхьым, и лъэIур хуагъэзэщIащ.

ЩIалэр щежьэм и адэм зыхуигъазэри жриIащ: «Си адэ, сэр щхьэкIэ уи щхьэр щIепхьэхын щытыкIэ уизгъэхуэнкъым. Си къару къиихьыр Хэкум хуэсщIэнщ, къэралым и щхьэхуитыныгъэм си псэ семыблэжу сыщIэзэунщ».

Фронтым Iухьэну сэлэтхэр мафIэгухэр здытекI Дохъушыкъуей станцым шыгум ису яшащ. Абдеж Амбей и адэ къуэш УтIэ щыхуэзащ, ари зауэм кIуэрт. ЩIалэм и адэм ирита псалъэр и адэ къуэшми жриIащ. ИкIи и жыIэр нэсу игъэзэщIащ.

Хъурей Амбей етIуанэ гвардием и шуудзэ дивизэм связымкIэ и 448-нэ батальон щхьэхуэм хэхуащ. Псыгуэнсу щыщ щIалэм связистхэм я курсыр къиуха нэужь, Москва деж япэу щызэуащ. Зауэм и мафIэ лыгъейм хэту абы куэдрэ зэфIигъэувэжащ унафэщIхэмрэ дзэ частхэмрэ я зэпыщIэныгъэр.

Москва деж бийр щызэхакъута нэужь, Амбей УкраинэмкIэ яунэтIащ. Западный Буг псыхъуэр хуит къыщащIыжым щекIуэкIа зэхэуэ хьэлъэхэм зауэлI хахуэу зыкъызэрыщигъэлъэгъуам папщIэ, Хъурейхэ я къуэм къыхуагъэфэщащ «За боевые заслуги» медалыр, ефрейтор цIэр къыфIащащ, «Связист нэхъыфI» бгъэхэIу дамыгъэри кърататащ. Ди лъэпкъэгъур Берлин кIуэ Япэ Украинэ фронтым щыщ связистхэм яхэтащ. Сандомир плацдармкIэ зэджэ щIыпIэм деж Амбей щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу къыхуагъэфэщащ «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.

Амбей куэдрэ игу къигъэкIыжырт зы Iуэхугъуэ. Берлин щыIэу, телеграф пкъом дэкIуеяуэ, зэпыщIэныгъэр зэфIигъэувэжырт. Къалэм зауэ щекIуэкIыртэкъым, мамырт. Абы хэту сержантитI блэкIырти, зым адрейм адыгэбзэкIэ зыхуигъэзащ, Амбей дежкIэ и Iэр ишийуэрэ:

- Плъагъурэ, дэ тхуэдэу, зэпыщIэныгъэр зэфIегъэувэж.

- Къамылыфэщ, ди щIыналъэхэм къикIауэ пIэрэ? - жэуап къитыжащ адрейм.

Анэдэлъхубзэр щызэхихым, Амбей къэкIиящ: «Салам алейкум!» ИтIанэ, нэхъ набдзэгубдзаплъэу къеплъри, и къуажэгъухэр къицIыхужащ – Долхэ Iэдэмрэ КIасэхэ Шагъырбийрэ. Хамэ щIыпIэ ущыIэу, зауэ шынагъуэм ухэту уи лъэпкъэгъу, уеблэмэ уи къуажэгъу ухуэзэныр, щытыкIэр хьэлъэми, гуфIэгъуэшхуэт. Абы щыгъуэм Амбей кърататащ «Берлин къызэращтам папщIэ» медалыр.

ИужькIэ щIалэр Чехословакиеми щыIащ. А щIыналъэми, псом хуэмыдэу и къалащхьэ Прагэ, зауэ гуащIэ щекIуэкIащ. Адыгэ щIалэм абы зыкъищигъэлъэгъуащ щхьэмыгъазэу, зи пщэрылъыр нэсу зыгъэзащIэ зауэлI хахуэу. МафIэ лыгъейм хэту абы фронтым Iутхэр зэрызэрыщIэну зэпыщIэныгъэр зыхуей хуигъэзащ, псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэ куэдри къихутащ. А щIыналъэм щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалымкIэ ягъэпэжауэ щытащ.

Зауэ нэужьми Амбей советыдзэм къулыкъу щищIащ 1947 гъэм гъатхэпэм и 20 пщIондэ. А зэманми жыIэщIэу, жэуаплыныгъэ хэлъу и къалэныр зэрырихьэкIам папщIэ абы дзэ унафэщIхэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэ зыбжанэ кърататащ. ИужькIи, зэман хъарзынэ дэкIыжауэ, 1987 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр.

Щалъхуа жылэжьым къигъэзэжа нэужь ар лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ, IэнатIэхэм зэфIэкI лъагэ къыщигъэлъагъуэу, нэгъэсауэ и къалэнхэр игъэзащIэу къекIуэкIащ. И ныбжьым емылъытауэ а щIалэм къыкъуэкIа лIыгъэм и гугъу щащIыжкIэ, ар адыгэлIым и щапхъэу зэрыщытыр къыхагъэщ.

**МЭСЕЙ Даянэ.**

# И псалъэ Iущхэр ноби я гъуазэщ

**ЦIыпIынэ Мухьэд 1932 гъэм Малкэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэр зауэ зэман хьэлъэм техуащ. МэжэщIалIагъэри щыгъыныджагъэри игъэунэхуащ абы.**

«КОЛХОЗ хьэсэхэм кIэртIофыфэ дыщрихьэлIамэ, ар ди дежкIэ дуней гуфIэгъуэт. Нартыху къэдгъуэтмэ, насыпышхуэ къыдэуэлIауэ къытщыхъурт. Ар къызыхуэтхьа анэм дежкIэ фIыгъуэшхуэт, мащIэ-куэдми, и бынунэм яригъэшхын щыIэт. Нартыхур зэтриудырти, щIакхъуэ тхуигъажьэрт. Апхуэдэу гугъу уехьу зэбгъэуIуа шхынри къыплъымысыжынкIэ шынагъуэ щыIэт, къуажэр зыубыда румынхэм къапэщIэхуэр зэрапхъуэрти. Абы къыхэкIыуи, ди анэм унагъуэм илъ ерыскъыр игъэпщкIуэрт» - жиIэжу щытащ Мухьэд.

1940 гъэм ЦIыпIынэ Мухьэд япэ классым щIэтIысхьат, ауэ нэмыцэхэмрэ румынхэмрэ къуажэм къыщыдыхьэм, школыр зэхуащIри еджэныр зэпыуащ. Абы пищэжыну Iэмал щиIар зауэ нэужьырщ. Пэжщ, абы щыгъуэми гугъу ехьащ, зэманыр хьэлъэти, унагъуэми ядэIэпыкъун хуейт, ауэ къикIуэтакъым, щIэныгъэ зригъэгъуэтащ.



1954 гъэм Мухьэд дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. А къалэныр абы щрихьэкIащ Германием щыIэ авиацэ дзэм. АвиацэмкIэ электромеханик щагъэхьэзыр курсхэр къиухыжри, гуп щхьэхуэм и командиру илъэсищкIэ абы щыIащ.

Къулыкъур кърихьэлIэу къигъэзэжа нэужь, ЦIыпIынэм милицэм щылэжьэн щIидзащ. ЯпэщIыкIэ Дзэлыкъуэ, иужькIэ Аруан районхэм участковэу щыIащ. 1962 гъэм ар Саратов дэт юридическэ институтым щIэтIысхьэжри, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ.

1966 гъэм МВД-м и къудамэу Тырныауз къалэм щыIэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэхэмкIэ инспектор нэхъыжьу ягъэкIуащ, иужькIэ а IэнатIэ дыдэм и унафэщI къулыкъуми пэрытащ. 1980 гъэм Налшык къагъэкIуэжри, МВД-м ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ къудамэм и инспектор нэхъыжьу лэжьащ, иужькIэ абы и унафэщI къулыкъури ирихьэкIащ.

Илъэс 26-кIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм щылэжьащ ЦIыпIынэр. ИужькIэ и узыншагъэм къимыхьу пенсэм кIуэн хуей хъури, майор цIэр иIэу тIысыжауэ щытащ. Зыпэрыта дэтхэнэ зы IэнатIэри абы жэуаплыныгъэ пылъу, фIыщIэрэ щытхъурэ иIэу ирихьэкIащ. И лэжьыгъэ гуащIафIэм къыпIэкIуэуи абы дамыгъэ куэд къыхуагъэфэщащ.

2021 гъэм, и ныбжьыр илъэс 88-рэ хъууэ, ЦIыпIынэ Мухьэд дунейм ехыжащ. ЦIыху гуапэу, гущIэгъу хэлъу щытащ, куэдым дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ. И щIэблэр IуэхуфIхэм хуиущиящ, абы и псалъэ Iущхэр ноби я гъуазэщ.

**МАММЕЕВЭ Жанетэ.**

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

# ЗауитIми я лIыхъужь



**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет къэралым ТекIуэныгъэ ин къызэрыщихьрэ илъэс 80-м щIигъуащ. Блэкlа Iуэхугъуэхэм я щIэнгъуазэу щыт тхыдэм, гъащIэм къагъэлъагъуэ а зауэшхуэр а лIэщIыгъуэм щыIа зэпэщIэувэныгъэхэм я нэхъ ин дыдэу зэрыщытар. Хэку зауэшхуэм и екIуэкIыкIэр зыхъуэжауэ къалъытэ советыдзэхэм 1943 гъэм Сталинград и деж текIуэныгъэ къызэрымыкIуэ къызэрыщахьам. СССР-м и Командованэ Нэхъыщхьэм и унафэкIэ а зэзауэ иным хэтащ совет зауэлI 1000500-м нэс, Сталинград къалэр бийм щыхъумэнымкIэ я къалэну. Къэралпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIа а пщэрылъыр гъэзэщIэным псэемыблэжу пэрытахэм ящыщащ ЩIанкIэ Жантемыр Токъу и къуэр (1894 - 1986).**

«КУЭД зыгъащIэ куэд елъагъу», - жеIэ ди адыгэ псалъэжьым. Илъэс 90-м щIигъу къэзэпсэуа ЩIанкIэ Жантемыр и гъащIэм къриубыдащ къэрал, лъэпкъ тхыдэхэм Iупщlу къыхэбелджылыкI IуэхугъуэкIуэд. XIX лIэщIыгъуэм и кIэухым Алътуд адыгэ жылэшхуэм къыщалъхуа Жантемыр и ныбжьыр илъэс 20-м зэрыщхьэдэха щыIэтэкъым, зыужьыныгъэм и гъуэгущIэм къэралыр тезыша Жэпуэгъуэ революцэ иныр къыщыхъуам щыгъуэ. ЩIанкIэхэ псэукIэщIэм и телъхьэти, унагъуэм я щIалэ жаныр жыджэру хыхьащ гъащIэщIэр ухуэным. Революцэшхуэм иужь иту къэхъеяуэ щыта Граждан зауэми хэтащ Жантемыр, Чапаев Василий зи пашэ шу дивизэм и фочауэ Iэзэу. А дзэ гупыр щызэуащ Индылыпсым и щIыбагъ къыдэлъ щIыналъэхэм, Самарэ, Уральск я Iэшэлъашэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Апхуэдэу къэралыщIэр и къыщхьэщыжакIуэ Дзэ Плъыжьым лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу хэтащ ЩIанкIэр.

Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ Жантемыр ящыщ хъуащ фронтым япэу Iухахэм. Зауэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ адыгэлIыр къикIуэт имыщIэу пэщIэуващ ди Хэку-анэм щэхурыпхъуэу къытеуа бий бзаджэм. ЩIанкIэр хэхуащ совет дзэпщ щIэрыIуэ Рокоссовский Константин зи пашэ дивизэм. Топгъауэ гупым хэт Жантемыр и къалэныр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщт (зауэ IэнатIэм тынш хэт?!): абы топым лагъымыр иригъэзагъэрт, шэпхъыр зэрымылъыжыр кърихыжурэ. Къэхъурт гъэуэнри и пщэ къыщыдэхуэ, и гъусэр уIэгъэ хъуамэ е яукIамэ.

Жантемыр и зауэ гукъэкIыжхэм куэдрэ къыхэхуэрт зэзауэ гуащIэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм епхахэр. Абы и дежкIэ псом хуэдэжтэкъым 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм и 17-м къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и мазаем и 2 пщIондэ Сталинград и Iэшэлъашэхэм щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэр. Абы и гугъу ЩIанкIэм куэдрэ яхуищIырт и бынхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэм. Абыхэм зэрыжаIэжымкIэ, а хъыбархэр къыщиIуэтэжкIэ, къэхъурт нэхэм къыфIыщIэкI нэпс пщтырхэр дадэм и нэкIу пхъашэм къыщытелъадэ. Псоми къагурыIуэрт ахэр зауэжьым ихьа и ныбжьэгъухэм, абыхэм зэдашэча бэлыхьхэмрэ гугъуехьхэмрэ зэрехьэлIар. «Ажалым и нэм зэкъым дызэрыщIэплъар, ауэ дихьакъым, Алыхьым иухатэкъыми», - жиIэрейуэ щытауэ жаIэж абы. А хъыбархэм едаIуэ псори апхуэдэхэм деж щыму щыст, фIыуэ ялъагъу нэхъыжьыфIым и гумрэ и псэмрэ щыщIэр зыхащIэу, я нэгу къыщIэувэу.

Дэфтэрхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Сталинград деж щекIуэкIа зэзауэм хэкIуэдауэ щытащ советыдзэм и зауэлIу мин 480-м нэс, бийдзэм хэтахэм ящыщу мин 500-м щIигъу. А щIыпIэм зи псэр щызытахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щраджэу зауэшхуэм Iухьахэм ящыщ зауэлIрэ командиру 318-рэ. И насып къикIри, а мафIаем псэууэ къыхэкIащ Жантемыр. Абдеж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ ЩIанкIэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэм ипкъ иткIэ 1942 гъэм и дыгъэгъазэм и 22-м къыхуагъэфэщауэ щытащ «Сталинград зэрахъумам папщIэ» къэрал дамыгъэ лъапIэр.

Рокоссовскэр зи пашэ дзэ гупым хэту Сталинград бийм щихуэма нэужь, 1943 гъэм и мазаем къыщыщIэдзауэ ЩIанкIэм зауэм щыпищащ Курск къалэм къедза щIыпIэм. Ар хахуэу щызэуащ Орловскэ, Белгородскэ, Харьковскэ областхэм, а щIыналъэхэр хуит къэзыщIыж совет зауэлI мелуанитIым щIигъум яхэту. Днепр зэпрысыкIахэми яхэтащ. ЕтIуанэ Белорус фронтым хэту, зауэм и иужьрей илъэсхэм Жантемыр щызэуащ КъухьэпIэ Европэм и къэралхэм, ахэр фашистыдзэм къыIэщIэзыхыжхэм яхэту. 1945 гъэм и пэщIэдзэм, советыдзэхэм Польшэр хуит къыщащIыжым щыгъуэ, екIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм хэту ЩIанкIэр уIэгъэ хьэлъэ хъури, зэман кIыхькIэ уIэгъэщым щIэлъащ.

Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ иуха нэужь ЩIанкIэм щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ. Абы и бгъэгум щылыдырт и зауэ зэфIэкIхэм къапэкIуа къэрал дамыгъэхэр. Зауэм щигъэта фэбжьхэм зыкъраргъащIэми, Жантемыр лъэкI къимыгъанэу яхэтащ бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэзыгъэувэжахэм. Жылагъуэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ ветераныр, щIэблэм я щапхъэ нэхъыжьыфIыр куэдрэ ирагъэблагъэу щытащ хэкупсэ зэIущIэхэм. Апхуэдэу къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, фIыщIэ тхылъхэр зауэм и ветераным мызэ-мытIэу иужькIи къыхуагъэфэщащ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс бжыгъэ екIу щрикъу илъэсхэм ирихьэлIэу.

ЩIанкIэ Жантемыр и гъащIэм, зауэ гъуэгуанэм фIыуэ щыгъуазэщ абырэ и щхьэгъусэ Зоерэ къащIэхъуа щIалищымрэ хъыджэбзищымрэ, абыхэм я бынхэр, къащIэува щIэблэ махуэр. Дадэшхуэм ехьэлIа хъыбар куэд зыщIэхэм ящыщщ абы и къуэрылъхум и къуэ Къантемыр. ЩIалэщIэр ирогушхуэ икIи иропагэ и адэшхуэм и адэм Граждан зауэм, Хэку зауэшхуэм я илъэсхэм зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ.

ЗауитIми лIыхъужьу хэта ЩIанкIэ Жантемыр Токъу и къуэм и фэеплъыр абы и щIэблэм адэкIи сакъыу зэрахъумэнум шэч хэлъкъым. Жантемыр и цIэр къызэритIуам, дызэрытепсэлъыхьам и псэр Тхьэм щигъэгуфIыкI. Дээпщхэм я пщIэр зыкIи сымыгъэлъахъшэу жысIэнщи, ЩIанкIэм хуэдэ сэлэт къызэрыгуэкIхэращ нобэ дызэрыгушхуэ ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьауэ щытар.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# ЩIэуахътыншэри аращ

**Совет Союзыр псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зылI и быну зэщIэтаджэри, бий ерум пэщIэуващ. Ди хуитыныгъэм къыщхьэщыжу, фашист зэрыпхъуакIуэхэм псэемыблэжу пэщIэувахэм яхыхьащ Бэраухэ Хьэжумар и къуэ КъэралбийрэХьэкIашэ и къуэ Аслъэнджэрийрэ.**

## Къэралбий

КУРЫТ еджапIэр Хьэтуей къыщиуха нэужь, ар Псыхуабэ дэт мэкъумэш институтым щIотIысхьэ икIи 1937 гъэм къеухри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэу къуажэм къегъэзэж, а илъэс дыдэми дзэм даш.

Адыгэ щIалэм абы зэфIэкI къыщигъэлъэгъуащ, зауэ хуэIухуэщIэхэм кууэ зыщыхигъэгъуэзащ, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу и къулыкъур щрихьэкIащ. Зыхэхуар гъунапкъэхъумэ дзэрати, жэуаплыныгъэ зыпылъ пщэрылъхэр щIэх-щIэхыурэ къыщащIырт, и Iэтащхьэм дзыхь къригъэзырт, езыми ар игъэпэжырт. Абы и щыхьэтщ, къулыкъум щрихьэкIа илъэсищым къриубыдэу щIыхь тхылъхэр къызэрыратари, фэеплъ тыгъэхэр къызэрыхуащIари, коммунист партым зэрыхагъэхьари.

Дзэм къыхэкIыжа нэужь, Къэралбий Урыху МТС-м и унафэщIым политикэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу мэлажьэ. 1941 гъэм Хэкум и дзэ комиссариатым и Лэскэн район къудамэм гъэсакIуэ-егъэджакIуэу ягъакIуэ икIи абдежым зи армэ дэкIыгъуэхэр щегъэхьэзыр.

Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къыщытеуэм, нэгъуэщIхэми ещхьу фронтым ягъэкIуэну къэдрэ иужь итами, занщIэу яутIыпщакъым, сыту жыпIэмэ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр къызэзыгъэпэщын хуейхэм ари хагъэхьати. А Iуэхум Къэралбий и зэфIэкI хилъхьащ. Шу дзэр хьэзыр щыхъум, абы дэщIыгъуу 1942 гъэм и накъыгъэ мазэм фронтым кIуащ. Ар ящыщщ Ростов областым и щIыналъэм, Сталинград и Iэхэлъахэм, хы Iуфэрыс Новороссийск (ЦIэмэз) деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм хэтахэм.

Зыхэт гупыр Керчь къалэ щебгъэрыкIуэм, Къэралбий уIэгъэ хьэлъэ мэхъу. И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, Москва пIалъэ кIэщIкIэ щеджэну ягъакIуэ, лейтенант нэхъыжь щыхъуауэ абы къокIыжри, 194-нэ Речицкэ Бэракъплъыжьхэзехьэ фочауэ дивизэм и 616-нэ полкым хагъэхьэ.

Дзэзешэ Iэзэ къызэрыхэкIам и мызакъуэу, Къэралбий икIи шыщхьэмыгъазэт, зыри япэ иригъэщынутэкъым, зауэлIхэр, Iэмал зэрыIэкIэ, зэрихъумэным хущIэкъу зэпытт. Абы папщIэ езым и щхьэкIэ щыIэхэм фIыщIэ лей къыхуащIырт. Бийр ерум зэрыпэлъэщынум зы мэскъалкIи шэч къытрихьэртэкъым. И Iыхьлыхэм къахуигъэхь тхыгъэ кIэщIхэм ар щыжиIэрт. Командованэм кърита фIыщIэ тхылъхэм ящыщ зым итт, езы Къэралбий къылъысу фашист зауэлIу 23-рэ офицеритIрэ зэрыщIэзтриукIар. Абы и иужьрей письмор и адэ-анэм къащыхуитхыжар 1945 гъэм щIышылэм и 21-рщ. Абы итт «Вагъуэ Плъыжь» орден къызэрыратар, зи чэзу званием зэрыпэплъэр, Германием и щIыгум зэрытехьар, фашистхэм я гъуэм гъунэгъуу зэрыбгъэдыхьар, зауэр иухыным куэд зэримыIэжыр.

АрщхьэкIэ, дапхуэдэу мыхъуами, ТекIуэныгъэм и махуэм IущIэну Къэралбий къыхуиухатэкъым, лIыгъэм и щапхъэ къыщигъэлъагъуэу, ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым щыхэкIуэдащ. Зи щхьэр хэзылхьа щIалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Бэрау Хьэжумар и къуэ Къэралбий хьэтуейдэсхэм ящыгъупщэркъым, ТекIуэныгъэм и махуэм ар ягу къагъэкIыж, и фэеплъым пщIэ хуащI. 1965 гъэм къыщыщIэдзауэ къуажэм и зы уэрамым абы и цIэр зэрехьэ.

## Аслъэнджэрий

Хьэтуейм и щIалэ нэхъ жанхэм ящыщт. Курыт школым фIыуэ щеджат, Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр къиухати, къигъэзэжа нэужь, зыщIэса еджапIэм и комсомол организацэм и секретару хахат. Жэрдэм узыншэхэр къыбгъэдэкIырт, IуэхуфIхэм я зэхэублакIуэт. Егъэджэныгъэри жылагъуэ лэжьыгъэри зэщIигъэхьэу, унафэщIхэри нэхъыжьхэри къахуэарэзыуэ гъащIэм хэбакъуэ къудейуэ, фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауэм и мурадхэр къызэпеуд.

Езыр щIалэ дыдэрэ щхьэгъуси къимышауэ, гъащIэм гу зэрыщихуа щIагъуи щымылэу, 1941 гъэм дзэм даш, зауэ хуэIухуэщIэхэм ирагъаджэри, офицер хъуауэ фронтым яшэ. Къитх тхыгъэ мащIэхэм щыжиIэрт пэжыр зэрытекIуэнур, зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу зэрапэщIэтыр, зыхэт частым и зауэлIхэр зэрызэкъуэтым къару къызэрыхилъхьэр, ди щхьэхуитыныгъэм папщIэ и псэр итыну зэрыхьэзырыр. ИкIи, и псалъэр игъэпэжащ, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэмрэ и нэмысымрэ хуэфащэу фронтым Iутащ.

Аслъэнджэрий и иужьрей письмор и Iыхьлыхэм къащыIэрыхьар 1943 гъэм шыщхьэуIум и 8-рщ. Абы къитхырт: «Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр къызэдмыгъэплъэкIыу Хэкум идохуж. Харьков къалэм дынэсащ, адэкIэ дызэрыкIуэтэным дыхуопIащIэ. Фымыгузавэ, псори зэпэщ хъужынщ, си тхыгъэхэм фыпэплъэ», - жиIэу. АрщхьэкIэ, Бэраухэ мыбы щыгъуэми гуауэшхуэ къалэIэсащ, а къалэр хуит къыщащIыжым Аслъэнджэрий хэкIуэдащ. Зауэ гущIэгъуншэм тIэщIихащ унагъуэ иухуэну хунэмыса зи насып къэкIуэгъуэ щIалэ хахуэр.

Илъэс 81-рэ хъуауэ ТекIуэныгъэм и махуэр и къэралым Iэтауэ щагъэлъапIэ. Ар къэгъэблэгъэным щхьэмыгъазэу щIэзэуа ди къуэшхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ нобэрей мамыр гъащIэм и фэеплъщ, ди щIэблэм я щапхъэщ. Арщ ахэр щIэуахътыншэри.

**БЭРАУ Бышэ.**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 13-рщ

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.266 Заказыр №949

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А